



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO OUVÈTI DISPANSÈ KANABIS POU
ITILIZASYON ADILT AVAN FEN ANE A**

Yo pral ouvri prèske 40 dispansè pou granmoun an 2023, ki gen ladan 12 operasyon ke moun Nwa yo posede

Nasyonalmman, mwens pase 0.2 pousan nan dispansè yo an majorite se Nwa ki posede yo, men nan Eta New York, plis pase 20 pousan nan dispansè pou itilizasyon adilt yo an majorite se Nwa ki posede yo

Brooklyn, SoHo, Upper East Side, Westchester, Rochester, Troy, Amstèdam pral akeyi premye dispansè pou itilizasyon adilt pa yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti yon douzèn nouvo dispansè pou itilizasyon adilt soti Brooklyn rive Buffalo pandan Eta a ap kontinye elaji mache legal kanabis pou itilizasyon adilt la epi akeyi nouvo operatè yo. Nan fen mwa desanm, Eta New York prevwa kounye a gen omwen 37 dispansè pou itilizasyon adilt ki ouvri pou biznis. Nan dispansè legal pou itilizasyon adilt sa yo, Nouyòkè yo pral kapab jwenn aksè ak pwodwi kanabis ki pi an sekirite, ki gen lisans ki pwodui, grandi ak teste pou satisfè nòm sekirite sevè eta a, isit la menm nan Empire State la.

"Pandan New York ap agrandi mache Cannabis ki pi ekitab nan nasyon an, administrasyon mwen an rete angaje pou konstwi yon endistri ki an sekirite pou tout Nouyòkè ki pral devlope kominote ti biznis nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo dispansè sa yo kontinye misyon nou pou ranfòse mache legal nou an pandan y ap ede chase move aktè ki kontounne lwa nou yo epi ki afebli tout sa n ap eseye reyalize."

Pami dispansè sa yo, uit ladan yo an majorite se nwa ki posede yo, senk se Ispanik, ak nèf se fanm ki posede yo, sa ki mete aksan sou angajman New York pou ankouraje yon mache kanabis reprezantatif ak enklizif. Dapre rechèch endistri ki sot pase yo, gen mwens pase 20 sou 10,000 boutik ki vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt nan peyi a an majorite se Nwa ki posede yo. Sa vle di ke mwens pase 0.2 pousan nan dispansè yo an majorite se Nwa ki posede yo, pandan nan Eta New York, plis pase 20 pousan nan dispansè pou itilizasyon adilt yo an majorite se Nwa ki posede yo

Eta New York te akonpli sa, malgre de enjonksyon jidisyè diferan ki te ralanti deplwaman Empire State la. New York pa sèl eta ki fè eksperyans defi legal nan pwogram ekite sosyal kanabis yo, men malgre defi sa yo, antreprenè New York te pèsevere, simonte obstak, epi yo montre benefis ekite nan endistri sa a.

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon kanabis Eta New York la, Chris Alexander, te deklare, "Sa a pral yon mwa chaje ak enteresan pou kanabis New York la kòm plis pase yon douzèn lisansye finalman jwenn chans pou yo ouvri pòt yo pou biznis. Ki sa ki patikilyèman ankourajan se pa sèlman wè magazen sa yo ouvri, men wè ki moun ki ap opere yo. Anvan fen ane a, n ap genyen 12 dispansè ke Nwa posede k ap fonksyone ak 5 dispansè ki posede pa Ispanik yo. Lè nou konsidere peyizaj nasyon la, kote posesyon nwa ak mawon nan kanabis ra anpil, mwen ekstrèmman fyè de rezilta sa a. Sa pa sèlman gen pou wè ak chif; se yon endikasyon klè sou devouman nou pou kreye yon endistri kanabis ki pi ekitab ak enklizif."

Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis Eta New York la, Tremaine Wright, te deklare, "Ouvèti dispansè mwa sa a bay yon ogmantasyon rasire nan angajman nou pou konstwi yon endistri ekitab. Eta New York se lakay pwopriyetè dispansè ki pi divèsifye. Nou felisite tout nouvo pwopriyetè nou yo epi nou pa ka tann pou n kontinye efò n ap fè pou devlope yon mache kanabis enklizif ak inovatè."

An me, Gouvènè Hochul te adopte yon lejislasyon ki gen entansyon limite devan magazen ki vann kanabis san lisans yo. Depi mwa jen, ofisye aplikasyon lwa nan Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) ak Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) yo ap enspekte boutik, sezi pwodwi, epi fèmen magazen ki pa gen lisans yo. An total, efò konbine yo te enspekte 350 kote, 88 ladan yo te re-enspekte, ki bay plis pase 11,000 liv kanabis ilegal yo te sezi ki vo plis pase 54 milyon dola. Anketè OCM ak DTF yo pral kontinye enspeksyon chak semèn atravè Eta a.

Anba a gen yon lis lokal ki te swa dènyèman ouvri pòt yo oswa ki prevwa ouvri pou biznis nan kèk semèn k ap vini yo. Rapèl, sa yo se biznis endepandan ki ap detèmine pwòp dat ouvèti pa yo, nenpòt dat ki nan lis anba a ka sijè a chanje.

Ouvèti resan & ak sa k ap vini yo:

Vil New York:

Bronx:

- Hush – 2460 Williamsbridge Rd Fl 1, Bronx 10469, (ouvèti jedi 14 desanm 2023)

Brooklyn:

- Grow Together – 2370 Coney Island Ave., Brooklyn 11223, (ouvèti madi 19 desanm 2023), premye dispansè pou itilizasyon adilt nan Brooklyn, ke moun Nwa yo posede.

Manhattan:

- Dagmar Cannabis – 412 W Broadway, NY 10012, (ouvèti vandredi 15 desanm 2023), premye dispansè pou itilizasyon adilt nan SoHo, se yon fanm ki posede li
- THC Herbal Care – 1412 Lexington Ave., New York 10128, (Ouvèti pwovizwa, 4 janvyè 2024), premye dispansè pou itilizasyon adilt nan Upper East Side

North Country:

- The Highest Peak – Vilaj Potsdam, 5 Market St., Potsdam 13676, (li te ouvri jedi 7 desanm 2023), premye dispansè pou itilizasyon adilt pou sèvi ak granmoun nan Potsdam, se yon fanm ki posede li
- The Firehaus – 7479 US Highway 11, Potsdam 13676, (li te ouvri mèkredi 13 desanm 2023)

Rejyon Kapital:

- 420 Bliss – 740 Hoosick St., Brunswick 12180, (li te ouvri jedi 7 desanm 2023), premye dispansè pou itilizasyon adilt nan Brunswick, se yon Nwa ki posede li
- Capital District Wellness – 997 Central Ave Suite 200, Albany 12205, (li te ouvri vandredi 8 desanm 2023)
- Amsterdam Cannabis – 1451 State Highway 5S, Amstèdam 12010, (li te ouvri vandredi 9 desanm 2023), premye dispansè pou granmoun nan Amstèdam

Lwès New York:

- Premier Earth Corp – 1297 Hertel Ave, Buffalo 14216, (li te ouvri mèkredi 13 desanm 2023)

Finger Lakes:

- MJ Dispensary – 900 Jefferson Rd Ste 902, Rochester 14623, (li te ouvri madi 12 desanm 2023), premye dispansè pou itilizasyon adilt nan Rochester

Rejyon Mid-Hudson:

- Elevate – 127 S Terrace Ave, Mt Vernon 10550, (li te ouvri lendi 11 desanm 2023), premye dispansè pou itilizasyon adilt nan Konte Westchester ak Rejyon Mid-Hudson

Long Island:

- Happy Days – 105 Route 109, Farmingdale 11735, (ouvèti pwovizwa samdi 23 desanm 2023)

New York ofri fason fasil pou idantifye dispansè kanabis legal yo. Senpleman itilize [rechèch Lokal Dispansè Kanabis la sou entènèt](#) oswa chèche [zouti otokolan verifikasyon](#) yo jwenn nan fenèt dispansè legal yo. Nouyòkè yo kapab rapòte boutik ki pa gen lisans nan kominote pa yo lè yo itilize [pòtay pou Rapòte Ensidan Kanabis New York la](#). Swiv Biwo Jesyon Kanabis la sou rezo sosyal yo nan [@nys_cannabis](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)